

## **KESYON #1: ELEKSYON**

Pwopozisyon sa a pral amande Manman-Lwa Vil la pou:

Bay elektè yo chwa pou yo klase jiska senk (5) kandida nan elekson primè ak elekson espesyal yo pou Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal, ak Konsèy Minisipal la k ap kòmanse nan mwa janvye 2021. Si elektè yo toujou vle chwazi yon sèl kandida, yo kapab chwazi li. Yon kandida ki resevwa yon majorite nan vòt premye chwa yo pral genyen elekson an. Si pa gen okenn venkè ki fè majorite vòt yo, yo pral elimine kandida ki plase an dènye a epi yo pral transfere vòt nenpòt elektè ki te chwazi kandida sa a an premye nan lòt chwa li te fè a. Yo pral refè pwosesis sa a jiskaske gen de (2) kandida sèlman ki rete, epi se kandida ki gen pifò vòt yo ki pral ranpòte laviktwa. Pwopozisyon sa a eliminé dezyèm tou elekson primè ki apa pou Majistra, Defansè Piblik, ak Kontwolè;

Pwolonje delè ant lè gen yon pòs vid nan yon pòs elektif nan Vil la ak lè yo dwe òganize yon elekson espesyal pou mete yon moun nan pòs vid sa a. An jeneral, yo pral òganize elekson espesyal yo 80 jou apre pòs la fin vid, olye se 45 jou (pou Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal, ak Konsèy Minisipal yo) oswa 60 jou (pou Majistra); epi

Ajiste delè pwosesis pou fikse plizyè limit pou distri Konsèy Minisipal yo yon fason pou li fini anvan kandida pou Konsèy Minisipal yo kòmanse rasanble plizyè siyati petisyon pou yo parèt sou bilten vòt la nan twochen elekson primè yo. Pwosesis sa a rive chak dis (10) lane.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?

## **KESYON #2: KONSÈY REVIZYON PLENT SIVIL YO**

Pwopozisyon sa a pral amande Manman-Lwa Vil la pou:

Ogmante gwosè Konsèy Revizyon Plent Sivil la (Civilian Complaint Review Board, CCRB) soti 13 manm rive 15 manm nan ajoute yon moun Defansè Piblik la nonmen epi yon manm Majistra a ak Prezidan Konsèy la nonmen nan tèt ansanm ki pral jwe wòl prezidan, epi di Konsèy la nonmen dirèkteman manm CCRB li yo olye li deziyen yo pou Majistra a konsidere ak nonmen yo;

Mande pou bidjè pèsonèl anyèl CCRB a wo ase pou l finanse yon kantite anplwaye CCRB ki egal ak 0.65% kantite polisyè ann inifòm nan Depatman Polis la, sof si Majistra a pran yon desizyon alekri pou l di nesesite fiskal la egzije yon montan bidjè ki pi ba;

Mande pou Komisè Polis la bay CCRB a yon esplikasyon alekri sou ki lè Komisè Polis la gen entansyon pa suiv oswa pa t suiv mezi disiplinè CCRB a oswa Komisè Polis Adjwen an (oswa Sou Komisè Adjwen) rekòmande pou Pwosè yo;

Pèmèt CCRB a mennen ankèt pou l konnen si nenpòt deklarasyon enpòtan ki fèt nan kad ankèt CCRB a se verite oswa si yon polisyè regle yon plent kote se pou polisyè a yo pote plent sa a, epi rekòmande mezi disiplinè kont polisyè a lè sa apwopriye; epi

Pèmèt manm CCRB yo, nan yon vòt majoritè, delege pouvwa konsèy la genyen pou l delivre asiyasyon yo epi chèche fè respekte yo pou fòse temwen yo vini nan pwosè epi bay Direktè Egzekitf CCRB a dosye pou li mennen ankèt li yo.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?

### **KESYON #3: ETIK AK GOUVÈNANS**

Pwopozisyon sa a pral amande Manman-Lwa Vil la pou:

Anpeche eli minisipal yo ak wo fonksyonè yo nonmen yo parèt devan ajans (oswa, nan kèk ka, branch gouvènman an) yo te travay ladan li an pandan de (2) lane apre yo fin kite sèvis minisipal la, olye se pandan ane ki poko fini an. Chanjman sa a pral aplikab pou moun ki kite pòs elektif yo oswa travay yo nan Vil la apre 1ye janvye 2022;

Chanje manm ki konpoze Konsèy Konfli Enterè a (Conflicts of Interest Board, COIB) nan ranplase de (2) nan manm Majistra a nonmen yo nan moman an avèk yon manm Kontwolè a nonmen ak yon manm Defansè Piblik la nonmen;

Anpeche manm COIB yo patisipe nan kanpay pou pòs elektif lokal yo, epi redui montan lajan maksimòm manm yo kapab mete nan chak sik elektoral nan montan kandida yo kapab resevwa nan men moun k ap fè biznis nan Vil la (\$400 oswa mwens, selon pòs la);

Mande pou direktè pwogram Antepriz Komèsyal Ki Pou Gwoup Minorite ak Famm yo (Minority- and Women-Owned Business Enterprise, M/WBE) nan tout Vil la rann kont dirèkteman bay Majistra a epi mande pou yon biwo majistra nan M/WBE yo sipòte direktè sa a.

Mande pou Konsèy Minisipal la apwouve Konseye Jiridik Minisipalite a tou Majistra a nonmen nan moman an.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?

**KESYON #4: BIDJÈ VIL LA**

Pwopozisyon sa a pral amande Manman-Lwa Vil la pou:

Pèmèt Vil la itilize yon fon estabilizasyon revni, oswa “fon ijans,” pou sere lajan pou itilize pi devan, tankou pou rezoud pwoblèm kòb yo pa t atann yo. Yo pral bezwen fè chanjman nan lwa Eta a tou pou yo kapab itilize fon ijans sa a;

Fikse bidjè minimòm yo pou Defansè Piblik la ak Prezidan Minisipal yo. Bidjè pou chak pòs pral omwen wo menm jan ak bidjè pou Ane Fiskal 2020 li an ki ajiste chak ane an fonksyon to enflasyon ki pi piti a oswa chanjman pou santaj la nan bidjè pou depans total Minisipalite a (san konte kèk eleman), sof si Majistra a deside yon bidjè ki pi ba nesesè sou plan fiskal;

Mande Majistra a pou 1 soumèt yon estimasyon resèt fiskal non fonsye bay Konsèy Minisipal la anvan 26 avril (olye se 5 jen). Majistra a ka soumèt yon estimasyon ki ajou apre dat sa a, men li dwe esplike rezon ki fè estimasyon ki ajou a pa t nesesè sou plan fiskal si li soumèt estimasyon ki ajou an apre 25 me; epi

Mande pou yo soumèt modifikasyon bidjè yo pwopoze a bay Konsèy la nan yon delè 30 jou, lè Majistra a fè chanjman nan plan finansye Minisipalite a ki pral mande pou yo aplike yon modifikasyon bidjè.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?

**KESYON #5: ITILIZASYON TÈ**

Pwopozisyon sa a pral amande Manman-Lwa Vil la pou:

Pou pwojè ki pliye anba Pwosedi Revizyon Inifòm Itilizasyon Tè a (Uniform Land Use Review Procedure, ULURP), mande pou Depatman Amenajman Iben an (Department of City Planning, DCP) transmèt yon rezime pwojè ki detaye bay Prezidan Minisipal ki afekte a, Konsèy Minisipalite a ak Komite Kominotè a omwen 30 jou anvan yo sètifye aplikasyon an pou revizyon piblik, epi pou li afiche rezime sa a sou sitwèb li an; epi

Bay Komite Kominotè a plis tan pou 1 revize aplikasyon ULURP DCP sètifye pou revizyon piblik yo ant 1ye jen ak 15 jiyè, soti nan peryòd revizyon 60 jou aktyèl la rive 90 jou pou aplikasyon ki sètifye nan mwa jen yo, epi rive 75 jou pou aplikasyon ki sètifye ant 1ye jiyè ak 15 jiyè yo.

Èske yo dwe adopte pwopozisyon sa a?